84кк
Н-61
A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remov

# Низамий

84кк
Н-61

84кк | 35765 25498
Н-61 Низамий
Н. 1992 н.
2 м. 30 т.

54921
29498
35765

# Низамий

(Гәззеллер)

СПИСАНО 1999

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“
1992 г

ғәзийнеси"., „Хысыраў ҳәм Шийрин", „Ләйли ҳәм Мәжнун", „Жети сулыў", „Искендер нама" деген бес дәстаннан ибарат. Усы бес дәстанды қурайтуғын Низамийдиң „Хамса" сы шығыс әдебияты тарийхында биринши баслама ретинде белгили. Соң „Хамса"ның мазмунына тийкарланған басқа „Ҳамса" лар, поэмалар, қосықлар дүнья жүзлик әдебияттың классиклери болған Хысыраў Дехлеви, Саади, Ҳафыз; Жәмий, Наўайы, Физули, Шекспир, Гете сыяқлы шайырлардың да шығармаларынан орын алды.

Низамий ҳеш қашанда өзиниң қунын жойтпайтуғын сөз өнериниң ҳасыл ҳинжилериниң зергери. Шайырдың қолы жеткен табыслары барқулла көп миллетли әдебиятымызға, поэзиямызға үлги болып табылады. Оның 850 жыл даўамындағы өлмес әдебий өмирде усының тақыйық дәлийли...



### ҒӘЗЗЕЛЛЕР

Түн менен күнлеримниң ҳәсиретин саған ашаман
Нәзерлеринди әлпайым әйле, қысыўмет жанға жасама!

Гүналап мени қыйнама сонша, өзиңди көрип айнадан,
Өзиңе әбден ынтығың қурыр, ай қалып қояр тасада.

Көкирегимниң дәрўазасын айралық келип қақпасын,
Налышым мениң қараўыл маған, дәртиңе сениң асама?

Сен маған—тирек, жәбиримди енди бөлискениңде қәйтеди,
Сандалып қуры излемеў ушын сүйениш сырын басқадан.

Мен Юсип, сениң ийегиндеги жарасып турған оймакпан,
Сол Юсип ушын мийрим-шәпәҳәт арқанын жибер таслада.

Қурыдым әбден қабарғаның қарынындай болып қабысып,
Мускусын жутқан қара шашларың қара ўайымнан жасалған.

Айыбым шексиз, минекей енди уяттан жуттым тилимди,
Кеширимниң шербетин қуйғыл, жарамның аўзын ашаман.

Ғәзеллеримди жолыңа сениң дәрўишиң болып арнайын.
Пәклигиң менен мүсәпириңниң ықлас жигерин тасала.

* * *

Жаслықы лағып кетежақ, қәдирини бил оның.
Ғайры кәрўанлардай ғайбанадур, бил оны.

Ўақыт өткен соң ғаррылар жанларын берип жаббарға,
Излейди келип қулшынып, тапсақ деп күни—түн оны.

Бул дүньяның тиришилиги айланбалығой әзелден
Қолында барда ҳүрмет ет, соң қайтарып бер оны.

Өтериң аян өмирден, сонлықтан әбден абайла;
Бийғамлық—ҳийле, бойыңнан аўлаққа қуў оны.

Самалға ушырып атсаң ўақтыңды, бирақ мынаны
умытпа;
Өмир мәңгилик сениң қолыңда, түсирип алмай тур оны

Шығының шықпай жан ушын, қәдирини сен билмейсең
Тапқан табысларың менен төббелемей тең қыл оны.

Сен масайрайсаң—айт қәне қандай зыян көрдиң?
Қуўаныштың зәлели жоқ, айнытыў ҳәм қыйын оны.

Эх, Низамий, жаныңа органның жаңлаўларын бер,
Шарап хәм ышқы ғәззеллери менен мәс етип тын оны!

* * *

Нәзерлер телмирген Кааба болдың сен,
Кеўиллер қумартқан хана болдың сен.

Өзиң бинапшаның көклемги түсине,
Қызыл рең қосып, дара болдың сен.

Гөззаллығыңды ардақлап, аспан жийегин
Басыңа көк шалғыш егип шалдың сен.

Гил қызыл гүллерден қамар тоқытып,
Қыпша беллериңди безеп, тандың сен,

Жылт еткен ўақытқа қуўан: ҳәрдем қубылып,
Бирин қайталамай дөнип бардың сен.



Әтирапқа қарайсаң: тәғдийр тулпарын,
Суўлығы менен де иркпей қалдың сен.

Арыслан патшалық етти мына дүньяға,
Шаҳларға патшалықты өзиң алдың сен.

Юсипке жетеди бағыныңдәрўазасы,
Мен тек қараўылман, ол жерден қуўмағыл сен.

* * *

Барлық ҳәсиретимниң түйини—оның бийдай рең
жүзлери.
Түн бойы шекемди ығаллап шығады қайғы шығының
дизбеги.

Оның дийдары жәдирап, жупар ийиске мантыққан,
Өрилген өримлериниң ҳәр бир талшығы ықлымлардың
излери.

Мускустың усағын сатып алыўға қайылман оның
шашынан,
Өлшестирип көрип, өтимлирек болыўы ушын сөзлерим

Гүндешидей қашанға шекем сүремен бийдай аңызын,
Гүлзарды басқылама, жемисти жулма—усы шәртлерме
төзгеним?

Оның қалының түйиршиги дән—жасырынып жатырған,
Жемтик ол маған қусағанлардың телмиртетуғын
көзлерин.

Жемистен татып алмадым, тойындым бир түйир
бийдайға,
Ақыбетинде бейиштен қуўды. калмады онда излерим.

Жүрегим мениң—бийдай дәнеси: көкирегиме қашшан
орныққан,
Буны қайғырмас ол дилбар, Низамий ғәрнйп дүздеги.

* * *

Жүректен жаралыман, көз жасларым қан не себеп?
Кеўлиме түйгеним—жанларыма жәм не себеп?

Дүньяда жалғыз өзиңсең, дийдимиз бир бизлердиң,
Жарыспақта ойымыз бир, бул пинҳам не себеп?

Хәўеслигиң пәсейер кем-кем, ал мениң ықласым
артады,
Тәрезиде ышқы пәллеси теңлеспей турсаң не себеп?

Мен садықпан өзиңе, әттен, сениң кеўилиң өзгерди,
Қай жерде алжастым, алданыў буншама таң не
себеп?

Сен барлық ашықлардың дәртине даўа суў таптың,
Ал Низамий ушын сол булақ суўы қурыған не себеп?

* * *

Хабар! Хабар келди жаным ҳаққында! Оған не болған?
Жүрегиме атылған оқтай дәртке шалынған—оған не
болған?
Ол не менен бәнт, нени ислеп, нени питкерер?
Оның көзлери түннен алынған. Оған не болған?

Өмирим мениң өзиме дәри, бәлким сонлықтан,
Жамай береди жаманлық болса табылған. Оған не
болған?

Көп ўақытлардан бери өртенип жүрмен отларға,
Қызыл гүллер менен шыққа малынған. Оған не
болған?

Сол гүллерден алған қанымды мениң шеберлик пенен
төгеди,
Лаўлап турған айралық деген жалынға—оған не
болған?

Низамий Яқып болып дилгир қыялы удайы,
Ал ол мисли Юсип гүллер жамылған. Оған не болған?

* * *

Тикенли қызыл гүллерди сениң өткир нәзериңниң
сағымы жапты,
Қызыл гүллерге дақ түсти: келбетин көклемниң
бағыны жапты.



Сеннен уялып, қызара бөртип гүллер гумшасы,
Балбырап турған нәп-нәзик қәдди-далыны жапты.

Қап-қара шашларың жайылған ўақта шашырап;
Бинапша гүллери бар гөззаллығының бәрини жапты.

Жалғыз ушқыр сөз бенен сениң әжайып сеслериң,
Хошҳаўаз лилия гүллериниң сыңғырлы тарыны жапты.

Тилек—мәнпаҳатың болса сыбырлап айтқыл қулаққа,
Буннан бир неше күн бурын наргис жанарының
жалынын жапты.

Дилўар бүлбил Низамий менен айтысып,
Усы гәззелди тыңлап, тым-тырыс жағыны жапты.

* * *

Көзлерим сениң менен әзелден досдур,
Мен ушын қәдди-қәўметиң салтанат йошдур.

Биз екеўмиз ойыншымыз, ҳадал ойнаймыз,
Ғәрремликти арамызға сум тәғдийр қосты.

Қәнекей, тарқатайын буйра шашларыңды,
Оннан соң бәҳәрдиң ҳәм ширмаўы босдур.

Бәрин умытайық екеўимиз бир болып,
Бундай ушырасыў пайыты қайта болмасдур.

* * *

„Аўҳал қалай?“—Мен қалайман, мениң досым?
Сағыныштан саў басымды саўдалайман, мен досым!

Артық гәпти қой қәне, Ләйли болып жолыма шық,
Мен Мәжнун боп алғыслайман, мениң досым!

Түслеримде зар жылайман, оңымда ыңыранаман,
Бәри—бир мийирим күтемен сендей айдан, мениң
досым!

Еситтим, сен ашықларға шире сыйлап берермишсең,
Сал мениң аўзыма ҳәм ҳалўа сайлап, мениң досым!

Лебизиң бар еди: „Жығыла ғойсаң қол созаман“,
Мине енди жығылдым, туралмайман, мениң досым!

Гәззеллеримниң сыйқыры исенимлидур бәринен,
Оны саған бүгин ақ тыңлатқайман, мениң досым!

* * *

Дунья ғалма-ғалына бели қайыспас мәртлер
бармекен,
Ким тәшўишин тартпаса, демек, оның шамасы жоқ.

Ҳәтте бақ-дәўлеттиде қалыңлық ушын тақсымлап,
Бәри-бир оның да көк аспанға жабарға жаңасы жоқ.

Турмыс сондай ғәрийп ҳал екен, пәмим алысты
усыған,
Гә нуры жоқ, гә басқа ҳеш нәрсе, тек адам наласы
көп.

О жүрекгенем, ҳәр еки дүньяны да табылмас ҳазна
деп билгил,
Ол еккисиде жаныңда басқа барар ханасы жоқ.

Дүньяны жети қат аспан астында қалдыр Низамий,
Шаянның бизден, бизиң шаяннан қутылар шарасы жоқ.

* * *

Қара зулфинниң бир талына мың ашық байланар сениң,
Бир таслаған нәзериң ышқы азабына айланар сениң.

Дийдарыңды бир көрген бенде, дүзиўлеп қәдди-
қәўметин,
Саған хызмет етпек ушын қулың боп шайланар
сениң.

Саған көз тиймесин деп қанша мәрте таңның алдында,
Шарапатлы дуўа оқыйман, қыялым аймалар сени.



Айып етпе көз жасларымды, арзымасамда мен саған,
Кеўилиң қуры еместей, жанарың түпсиз жайнаған
сениң.

Ойында мени табылжытпадың, келиге қамап жанымды,
Габырыстырма. Жеңилдим. Хызметкериңмен нийетинен
таймаған сениң.

Низамий қусағанларды аламан жоллайды сениң жаныңа
Сен Иса киби, яқыт ҳәм алтын тасларын сайлаған, сениң.

* * *

Жүрегимди урлаған дилбар, сени табыў қыйың қаяқ-
тасаң?
Қазнаны урылар алды, қараўыл салмас тыйым, қаяқ-
тасаң?

Кәрўаннан қалып қойдым, жаңлыстым излеринен,
Тулпарым желетуғын шабысы уйын-куйын, қаяқтасаң?

Узақ түн есигинниң алдында телмиремен күшигиндей,
Мен дийўанаман-қәне садақаң? Қәне сыйың? Қаяқтасаң?

Ол дүньяға кетер алдында ойланғаның абзал Низамий
Қайырлы иске сахаўат, жан алар уақ келди жыйыл,
қаяқтасаң?

* * *

Қарашы өзин, бул жолда қандай бәлеге тап болдым
Муңлы сеслердиң гүңренислери көклерге жетежақ
болды.

Жәбирленгенди тыныш қой, оны енди артық қыйнама,
Ҳәр бир тырнағың пышақтай, сүйектен өтежақ болды.

Сениң кәрўаның изинен кетиўге жаным асығар,
Ал қара!—Ол асырымлардан асып, көзден сап болды.

Сен ықырар етип ең бурын: „Низамий саған жетемен“,
Асыққыл енди тезирек, сен келетуғын ўақ болды.

Қараңғы түнде жарыксаң, сіған хасла көз тиймегей,
Абызәмзәм булағы кимге фонтан боласаң?

Кетсең жаным сағыныштан қаңғырып қалар,
Маған зәҳәр бере—тура кимге райхан боласаң?

Жалынып-жалбарынаман, таслама бахытсыз Низамийди,
Ол—сенлик, ал сен оған қалай пинҳам боласаң?

* * *

Сен гөззалсаң! Бир алла гуўа, тап сондай яр маған
қерек,
Түн қараңғылығын жақтыртып турар дилбар маған керек

Ләблериңниң жалыны бар, ал қалларың балыў—шекер,
Бейиш босағасында сеслери от шашқан тар маған керек.

Мен—дузбан, сен—қантсаң, аралассақ егер екеўмиз,
Дуз салынған шире татымлы, сол ҳәл маған керек.

Дөңгелек қадақтан мен екки дуньяның бәлзамын
ишим,
Усының өзи жетеди, нәге басқа сән маған керек.

Сениң шашларыңның әтирин самал жан-жаққа таратар,
Оннан бийҳуш, бийҳал болар таң маған керек.

Шашбаўларың бий болды маған, кеўлимди үнсиз
мақуллар:
„Мейли, усындай бийҳазар адам маған керек!„

* * *

Қара муськус жайылып, әбден ол балқыды кеше,
Соның шарапатынан мәс болып шалқыдым кеше.

Ай жүзли дилбар асықты, қызыл гүллер өртенип,
Оннан уялған ай көкте үнсиз қалқыды кеше.

Нәзерим түсти ҳинжиге, ала алмадым көзимди,
Кирпиклериме жайласып ол, жанымды жәм қылды
кеше.



Ҳәм тынышландық бир турып, кәпелимде бахыт
жымыйып,
Алмаз гүңгиртлик серпилип мени таң қылды кеше.

„Қайтаман!—деди ол, —Саған не керек гиреўге?„
„Бир поса„—дедим, өмиримди пал қылды кеше.

Уйқыдан турдым, өртенип атыр тула—беденим,
Көз жасларым жанланып кетти, жигеримди сал қылды
кеше

Ширўаншахтың басы менен сизге ант етер Низамий;
Тек түсимде ғана дилбарым тәнин инам қылды кеше.

* * *

Марал көзлим! Арысланларға аңға шығыўға пайыт
келди.
Ким арыслан жүрекли болса, қапа болмасын, айт,
келди.

Кирпик—оқларын көтерип, жаздырмай тур ол тетигин,
Атнай ақ жүрегим жаралы, қурытты әбден диңкемди.

Қудиреттиң шырайын көрип, есимнен аўа жазладым,
Татып алмай ақ шараптан, мәсликке бурды желкемди.

Темир қәлиблим! Оның мен тек пәклнгин ғана күсеймен.
Жүрегим шыны шийшеден—тасқа нышана, бап келди.

Узақ күн бойы татлы түнлердиң ләззетин еске аламан,
Ал ол—түнде күң санап, жанымды алқымға ап келди.

Турышлы қайғының қазнасы көкирегимде қыйраған,
Оның енди оларды тиклеўи керек шақ келди.

Инкарыңа умтыл Низамий, бул азапларға төзим бер—
Қызыл гүлге ҳәўеслер, тиканинен қорқпас ўақ келди.

* * *

Түн изинен түн өткен сайын ықласым беккем байланар,
Күн изинен күн өткен сайын ийбе бойынды аймалар.

Ашықпан ҳәм жеркенишлимен—душпанларым мәс
усыған,
Сен ҳайран, ал мен еки есе, басым ғыр-ғыр айланар.

Ақ бозлақ еди жүзлерим—көриниш тартты қайғыдан,
Сениң исинде қорениш—кеўилим қалай жайланар.

Сағынып келсем мен сени, жолымнан күтип алмадың,
Өмир өтеди бизлерди жарастыралмай ғайбана.

Қанымды төккил қәлесең тәкабырлығың толайсын,
Қантқа мөлшерлеп дуз тасла, турмысты танып жайғана.

Сени сөз бенен алғыслап, даңққа еристи Низамий,
Ал сени усы сөзсиз ақ тәғдийр данқ пенен сыйлаған.

* * *

Уйықлаў гүнадур! Ўақты-хошлық еткен абзал таң атқанша,
Қалған уйқымды басқа түнлер өтер азлап, таң атқанша.

Мен сени көзлериме сүңгитип, ишемен жаным менен,
Жүрегиме орнығыўың ушын орын сазлап таң атқанша.

Сен нәзиксең, бадам қабақ, қантдур оймақтай ләблериң
Мәслердиң иштейин ашырған—қазна таң атқанша.

Кеше азанға шекем айралықта қолларымды тасқа урдым,
Түн—кеўилим шад, қызыл гүллер жайнап-жаснар таң атқанша.

Өмиримди саған бердим, Мине—қолым ҳәм барым сеники,
О қудирет! Бизлерди бахыт сазлар таң атқанша.

Сен зулфиңди қайырып тасла, түн жарпына шекем поса бер,
Уйпаланған шашларында жилўа наз бар, таң атқанша.

Низамий ғәззеллерине тәжим ет! Қулағыңдағы ҳалқадан,
Дәрўазандағы шыңғы аралығында кимдур бозлар таң атқанша.



* * *

Жол шубалаң, дөгерек—даш қараңғы, атты шаппағыл думанда,
Руўхлар елине тиришилик апар, қалдырмай оны зыянға.

Мына қара қузғынларды көкирек бағыңнан қуўып шық,
Гамаюнды бахытқа шақыр,—күт оны қанаңа сыйалмай.

Қызыл гүл, сен мениң баўырымсаң, шалғышыңды тасла, ийбенбе,
Ақыл шербетин өзиңе қуй, дийдиңе батыл қыялла.

Бәзим барық урган жерде, қабағыңды түйип отырма,
Шарапсаздай сапырғыл шарап, қадағыңа оннан қуй алда.

Сен бейиш туўралы әрманыңды қой, ойланба дозақ ҳаққында,
Дозақтың басын басып өт, бейишти өшир, сый алма.

Егер тек сен өз қолың менен руўхлар дүньясын қалпысаң,
Онда көктиң тахтын титирет, еслерин қалсын жыйалмай.

Сапарға атлан қәдемсиз, тилсиз айтабил сөзиңди,
Қарамай сызғыл келбетин өткен күнлердиң қуйыңдай.

Низамий, бул сондай сыр, оны сен шеше алмайсаң,
Түсиндирип әўере болма, оннан қорққанға уялма.

* * *

Ышқы ақылымды ылайлап, оны қараңғы қаплады,
Мәжнүндей болып өзимди шөл—қыябанға шақладым.

Албырағанымды билдирмей сүйиклимниң үйи алдында,
Қатал айқасқа киристим, мәртлик туйғымды сақладым.

Сениң жаныңнан шаппаттай шәпәхат нурын табалмай,
Өзимнен басқа гүналы адамды излеп таппадым.

Мен емес қой ақыры ышқы заңын ойлап шығарған,
Неге мени буншама қорлап, жанымды отқа таплады?

2—295


54 921

Егер сен усы шығынымды қайтармасаң өз қалтаңнан,
Онда қарызға әрманлайман қайта ушырасыў шақларын.

Нурларға толы ҳинжилер Нийзамийдиң көзинен
төгилген,
Ол—теңиз. Оның салығына жумсалар бар тапқаным.

* * *

Түн болса билемен: жүрегим оннан бөлекленгиси
келип тур,
Кимниң таңғы жолында бахтыны қайта сынап көргиси
келип тур.

Сүйиклим таңланған, ал басқасын излеў ушын,
Бул тиришиликтен безип. екиншисин баслаў керек
болып тур.

Ай! Мениң саған жаным қурбан—қүдиретиң уллы
әзелден,
Нәзериңе қарап жорыйман—кеўлим дийдиңди билгиси
келип тур.

Сениң атыңның жабыўын басыма жамылып жүремен,
Нөкер қыз! Көтерилген қылыш қынына қайта енгиси
келип тур.

Бәзимиңе сыйлыққа ал,—ҳинжи маржан көз
жасларымды,
Оны өмирим бойы алтын дүканымда сақлаўға көнгиси
келип тур.

Жүректи жаралайтуғын әдетинди шығарып тасла
жолымнан,
Оны жыллы қан менен тилким—тилким бөлгиси келип
тур.

Жүректен атылған жасларым, көзимнен шығар
дизилип,
Низамий қул болған—оның жуўынып, өртенип
пәкленгиси келип тур.



* * *

Маған түн түн емес, маған түн шын емес сен
болмасаң жанымда,
Уйқы жоламай қашады, уйқы ылағыр аўлақта, қайғыға
жаным шалынған.

Ант етип айтаман: ушырасыў сәти келер, ол айланып
өтпес сирада,
Бурымларыңның саясы болып кетермен сонда илесип
сениң жаныңда.

Мен емеспе саған талпынған, басқаға ынтығым қурырма
Сен ҳәўес болсаң мендей биреўге—қыялым мисли
сағымдай.

Салыстырып көр өзиңди—қара, ийилип турман алдыңда,
Өзимди салыстырсам—қул шығарман? Барлық байлық
өзиңнен табылған.

Сениң жамалыңды көриўим ушын көзим жоқ, шадлық
жоқ әлем астында,
Аяғым жоқ жетпекке, қолларым жоқ көксиңе қоятуғын
жалынлы.

Сен Низамийдиң тәғдийрин бийлеп, умытып кеттиң
өзини.
Күндиз тәғдийр жорып, түнде жулдыз қорып атырып
жүрмен таңымды.

* * *

Мениң алтыным жоқ, ләззет алыўың ушын
сыңғырлысынан сен,
Өмиримди тирек қыл, яки патшалық қыл, көн усыған
сен.

Жүрегимди бағышлайман, тәним жайыўлы сен
ушын,
Көз қыйығыңды салмай ақ, өтип кетесең тусымнан сен.

Мәңгиликтиң бәрин қәле!—ең алды менен барлығын,
Мына жерге сыйлайман, аяқ басып жүргениң ушында
сен.

Ҳәм декиуньямды да хызметкерине бериўге руўхсат
ет,
Атыңның жабыўын арқалап тасыйтуғын, қысынба сен.

Низамийдиң үйине кирсең, сениң излериңниң шаңларын,
Ол әзийз ҳәм жупар ийисли деп билгей—ушығам сен.

* * *

Сениң жүгиң маған мас келер! Дейбер—өтти жасың—
мейли,
Жол азабы басыма түрли саўдасын салсын мейли.

Саған болған қумарлығымнан мәс болғанымша
ишемен,
Сол шарапқа сениң қолларыңнан уў-зәҳәр тамсын
мейли.

Сен меннен жийренбе, маған бәринен қымбатсаң,
Муздай жүрегиңди муз қаплап алсын мейли.

Маған қарсы саған өмир берипти өзиниң балғасын,
Оның соққысын жеп ақыл -ҳушым талсын мейли.

Ашырқап сени күтемен, талығып сени күтемен,
Дийдарыңды бир көрип шөллерим қансын мейли.

Ах Низамий, сениң бағыңда—бүлбил бар,
Қызыл гүллер гүллеп тур, тикени жүрекке қадалсын
мейли.

* * *

Сыйынарым мениң, сыйқырлық гуна емес, бирақ сен
оннан бетерсең,
Журт алдында тилим жаңылмас, бирақ сен оннан
бетерсең,

Сен жүректи урлаўға қумар, әттең мусылманның иси
емес ол,
Ал жүректен айрылғанлардың кеги қәўипли, енди сен
оған нетерсең?



Нәзерлериңди жумсартып қара, сүйсинейин сениң
жүзиңе,
Мен уры, сен сақшы емессең, Кеўлимди тас талқан
етерсең.

Мен өзимниң мәсканымда қумырскадай қуныға
хызмет еттим,
Сен болсаң мениң инкарым Сулайман емессең,
инамды жалған етерсең.

Низамий, егер дилбар сениң бәзимиңе мәс болып келсе,
Оған шарап қуй:, әбден мәс болып тойғанға шекем сен.

* * *

Ҳәй гүбелек шамды өшир! Ол кеўилимди бөлди мениң,
Ҳәй бултлар қан жылап қуйың! Гүлзарым гүл дөнди
мениң.

Сениң сайран жайың болдым, сыйың болдым байрам
күни,
Фағфур Ҳиндистаныма келди—әмирим бар енди мениң.

Оның мәсканы—сәрўи гүл, бейиш сақшысыда
жасқанар оннан,
Мен оның қулыман, ол султаным, ҳәзиретим келди
мениң.

Жүзлери шамдай жарқ етип күйдирди гүбелек
қанатын,
Шөлиркеп аўзымды создым, ол булағым болды мениң.

Мен оған дедим: "Ышқы тақаты таўсылды, Низамий
менен бол!"
Ол маған деди: „Мен оның менен—шадлық көксиме
қонды мениң!"

* * *

О сәрўигүл салланып турысың бар, қызыл гүлим
сараң мениң,
Мен ғой сенлиқпен, Сен туўралы нийетим жоқ жаман
мениң.

Тек сениң менен өмирим толы, жүрегим саған
арналған,
Минекей дүньям! Мине жүрегим жалынлап турған
мениң.

Қылыштың астында турсамда, зулфиңе қолымды
созаман,
Тек айланып мени кушсаң бәс, Меҳири шалам мениң!

Мен гүм бола жақпан, өртенежакпан, аман алып қал
жанымды,
Сениң ширели лэблериң—екинши өмиримди берер
гилт маған нениң
Тыңла, Низам йге кел, мәрдана басын көтерсин
Ахсатан,
Оған берилген барлық ғәззелим, арналған саған мениң.

* * *

Өртеңине тасладым жаслығымды мениң ышқымның,
Кеўилимде ғаў-ғаў базар, ынтығым қурып ушқынды.

Лэмли көзлерден қант сыяқлы ерип ақтым мен,
Дэмин татсам деп тезирек себил ышқымның.

Қурғақ ўәделер үмитимди әбден қурытты,
Исенбейтуғынлар мәрт болар, қайтарар кегин ышқының.

О сүмбил таслар, ҳалқаға оралған, хош ийис!
Эжели жеткен қутыла алмас, дузағынан усындай теги
ышқының.
Кеште жылап баслап, еңиреймен тап таң атқанша,
Дәрўазасын ҳәм босағасын жалап билмеймен шегин
ышқының.

О азаптаман, қутқарың мени жақынлар,
Бир жуп наргис гүлден, Жаныма желим ышқыдан.

* * *

Жүрегимдеги қызыл гүлден сығып алдың сен қанымды,
Бәри бир сениң тилегиңдемен, зорға турсада жаным
бул.



Қайғың болса маған жибер дуслӑсып қалған жолыңнан,
Ал мен саған жибергеймен ушырасқан қуўанышларымды

Сен сорадың: „Муңлы көзлериңниң не болар екен
даўасы?"

Басқан изleriңниң шаңлары жәдиратар бул
жанарымды.

Мен жүз шапан тоздырдым, ушырассам деп өзиңе;
Бирақ, қабақларың үйилип бирдей, нәзериң төмен
салынды.

Ҳақ нийетли адамды сонша қыйнайсаң неге, айт маған,
Ҳаў ол сени алғыслар бирдей, ышқысы менен
жалынлы.

* * *

Түриклер ҳинд қулларына айланды—сениң қасыңда,
Ҳийлекер көзлердиң нуры байланды—сениң қасыңда.

Курбанлығына арзысам сениң бир тал шашыңның,
Дейбар кеўилим жайланды—сениң қасыңда.
Мен сениң кеўлиңди тойдырдым—шыны шарапқа,
Баўырым тырналған қайғыға айланды—сениң қасыңда.

* * *

Сүйгилигим, антым бул: тамғалап қойдың сен мени,
Күнлерим шашыңа мантықты, жүрегим мислиң лэблериң.

Үзеңгиңде туралсам қәне—қорққаннан тайды аяғым,
Суўлық салып, аг жетелеп—қолым ийкемге келмеди.

Қандай жарасық, отырдың сүйеп басыңды мениң
басыма!
Енди диземе дизем қағысар, сағыныштың татып
кермегин.

Гуманға батпа кеўилим, сыр ашпайман мен ҳеш
қашан,
Қандай ашық ек, қандай садық ек, ондайды сирә
көрмедим.

Бир майдан ушырасыўға ақ арнар ем мына жанымды,
Әттең оның бахасы бир тыйын, сулыўлығыңның ермеги.

„Үйиңе бараман Низамий—дедиң сен—батылырақ бол!"
Ләблериңнен тамған тек усы сөзлериң жаныма жағар
өрнегим

* * *

Жүрек урыларынан сен алып қалалдың тобыңды,
Бирақ, абайлап жуўырғыл, бурыўға салма жолыңды.

Ашықларды қыйнама сонша, тәңириден де бетерсең,
Қанқумарлықта менсинбей оңлы—солыңды.

Заңларың қатал, сениң меҳрибанлығың басқаша,
Сен маған „Өл!"—деп буйырдың, дәреклемедиң
соңында.

Нәзерлериңди оқтай атасаң, олар уўланған,
Бирақ сол уўды палдай жутаман, жанға жағымлы.

Қара минекей! Низамийден қалды қуў сүйек,
Оның қанының бәри денесинен сорып алынды.

* * *

Әдетиң жүрек урлаў болды сениң удайына,
Жүрегим жүрек емес, ол гейдемде қанлы жара.

Сениң бетиңниң алмалығының оймақлары сондай
ширели,
Палға салынған пистедей тислериң дана—дана.

Кирпиклериңди түсирсең, гүрсинер бейиш ҳүрлери,
Зулфлериңди түсирсең—перийлердиң иши жанар.

Гөззаллығың менен өзиңниң әўлийени диннен
бездирип,
Қуранның сүрелерин гүңгиртлик қаплап алар.

Сейилге шыққаныңда басыңа шалғыш жамылмай,
Күн тутылып, ашыўдан ай естен танар.



Ақыл шынжырын үзеди, алаңғасарлыққа берилип,
Шашларыңнан жан-жаққа оғыры хош ийис тарап.

Ләблериңе шарап болып ениўге куштар перишге,
Сен турғанда чанг ҳәм най ләм турар таппай талап.

Мейли сениң гөззаллығың менен сақыйлығың ғана
теңлессин,
Ғәрийбиңе таўдай байлық дийдарыңды көрсе шала.

Низамийдиң өмири тек жалғыз үмитке байланған,
Ертели-кеш хызметиңде жумалап жүриў ғана.

* * *

Лала гүлдиң гөззаллығын көргиң келсе, ол дилбардың
дийдарына қара!
Қызғаныштан тикен қаплаған барлығын „сыйларына"
қара!

Қызыл гүлди бийкар излейсең, қызыл гүл нурына ғарқ
болып,
Шалғамды қызыл гүл дейсең, сениң бийғамыңа қара!

Ләблериңе яқыт тасларын қымып турған пайытта,
Көкирегиме жаралы шоқты қуйғаныңа қара!

Сағыныштан бас алалмайман, жағдайым мениң
усындай,
Мүмкин бул жүз жыллап созылар, несийбемди
тыйғаныңа қара!

Низамийди дәрттен азат ет, ол айралыққа шыдамас,
Айыпсыз жапакештиң бир келип кет деген ойларына
қара!

* * *

Жүрегимди алып, шүберектей мыжғылайсаң жанымды,
Бәлким сататуғын базар бардур алғанларыңды.

Мендей ашық болыў несип етпеген басқаға,
Ант-әўделер тыңдырмаса да қулақларыңды.

Сениң зулфиң жупарға дос, жүзлериң дос ғумшаға,
Неге енди нәзик қолларың қаталлықларға бағынды?

Низамий жараланған, оны әбден емлеў ушын,
Оған шыпалы шербет бер, аяма оннан барыңды.

* * *

Қызыў—мәс бахытым оянарма екен қашан болмасын?
Мүлгиген тәғдийрим жай алар ма екен қашан болмасын?

Шыдап шыдайман мениң уйқысыз түнлеримниң
жәбирине,
Шыдайман, бәри-бир күнлерим соннан басланар
қашан болмасын.

Ҳәм келип қағады есигимди, аўмасар жарық—қараңғы,
Уақыт келер қәстелерди даўалаў, қашан болмасын.

О, душпаным, онша мәсирме, келисемен дилбар менен,
Ол мениң жанымнан келип жай алар қашан болмасын.

Кимниң кеўли тоқ болса, масайрап маған қырсығып,
Оған дилбарымның ашыў—гәзеби жаўар қашан
болмасын.

Ҳәўесликтен босаңсып мен, исенемен төсегиме,
Оның қара шашлары жайылар, қашан болмасын.

Илажым жоқ, ўәдесин тағы бузды ол дилбар бүгин,
Қорқаман, Низамийге бир бәле болып қалар, қашан
болмасын.

* * *

О, сыйынарым, жүрегимди бермеймен, яқ, оннан
ажырассам болмас,
Егер алып болып кетерғойсаң басқа менен, оның орны
толмас.

Ҳал-дәрманым қалмады, сен мени бирдей жәбирлейсең,
не себеп?
Өзиңе ислеген жақсылықты маған да бир ислеп
дертимди қоллас.



Мен Жәмшит емеспен, шириген бай емеспен, посады
сатып алыўға,
Жүрегим—мениң байлығым! Сен соның менен сырлас!

Мен бәзимлерде сени деп көз жаслар төгип бозлайман,
Қызыл гүлим мениң! Күлкиң ашшы, тикендей, мени
таң қылмас.

Аспанның сәўлеси, көзлердиң нуры деп жүриппен мен
сени,
Мәртебең ассын, қәўметиң татлы ай жамалына уғрас.

* * *

Жаным, сен өзинди қүдиретпен деп санама,
Жәмәәт пенен, дүнья менен бирлигиң болсын арада.

Тилек ҳәм үмиттиң шарабын ишип болған соң,
Дүньяны тәрк ет, жайына кетсин көкирек деген
ханадан.

Дусласқанның барлығын дос деп санама сениң
жолыңнан,
Муҳаббат жақтырмас бундайды, жыйыннан өзин
даралап.

Тилеп егилме, өзиңе досыңның ҳадал болыўын,
Буны өзи түсингей исиңе қарап шамалап.

Жәбирлей гөрме ҳеш қашан, ҳәттеки қумырсқаны да
Жетим ҳәм ғәрийп ҳалларға жақсылық әкел саралап.

Шытайы—кекшиллердиң удайы өмири өтер азапта,
Егер әмир болсада ол, өз жанын өзи жаралап.

О Низамий, сыйынарың менен шыңның басына шықтың
сен,
Қулаған сарайды тиклеп, қубылтып оны жаңадан.

* * *

Мениң ҳәсиретлеримди оқып—оларды бойдан қуўыўға
болмас па екен?

Жүрегим жарасына нәзер тасласаң—оның шыпасы
қонбас па екен?

Мен—садық хызметкериңмен, арқалайман ышқының
жүгин,
Мениң буйрықларымның күши жоқ, еениң
тилегиң—заңласқан екен.

Шарапсаз бол!„—деймен, сен қадаққа қуй мениң
қанымды,
„Қосық айт мен ушын!"—деймен, көкирегимди муң
басқан екен.

Ушырасыў қуўанышлары қурбанлықсыз қалай болады,
Сен мени өрте ышқы отына, бойымды зәң басқан екен.

Айралық пайытларынды маған буйырмаған қызыл гүл,
Тек оның тикени менен тырнайсаң, ушлары сүйир
тастан екен.

Сен жәбирленген Низамийдиң жанарына мәңги
орнықтың,
Ол сени өз үйинде қашан көреди, усы сыр дәстан
екен?

* * *

О жан досым, қырмызы лебиңниң бендесимен, дәртим
жазылмас,
Мен—тек қулыңман, тағы кимге хожайынсаң, қайғым
аршылмас?

Көзлериң айтады маған, тек ғана сениң бир өзиң,
Ҳәм даўагерсең, ҳәм қазысаң, ҳәм гүўасаң, ҳүкимиң
көпке созылмас.

Еки көзиң бирдей сүйрейди сени айна алдына,
Қызғанышым еки есе артар, қос жанарың мисли
ҳасыл тас.

Сен—мускуссең, қуйыннан сақлан, сораўы мүмкин
оларда,
„Мускуслы шашыңның сырын айтып, биз бенен
сыбырлас..."



Жүрегимди көз жасларыма суўғарып, жуўаман оған
жолыңды.
Гүнасыз соқпағыңа шаң жолатыўды кеўилим ҳасла
уғынбас.

* * *

Ашық болдым, қалай шешемен түйинин мына
жанымның,
Тыңласам ба екен ақылдың, шерменделиктиң барымын.

Жаным геўдемде барда, сени ийелегим келеди,
Өлсемде тыныш жатпайман, тез шешим мениң
салымым.

Ушыратсам болды, тас қатып услайман бурымларыңды,
Билсең егер ашықлар ушын айып та емес жаңылыс.

Саған ашықпан, журттың барлығы маған ҳүкимдар,
Бийкарла олардың жазасын, түсингил ғәрийп ҳалымды!

Бундай уўайымды тилемеймен ҳәттеким душпаныма да,
Сен—жабық дүкансаң, мен епсиз уры боп, дәртке
таңылдым.

* * *

Түн узақ уйқым жоқ, әрманым: түнде болсаң
жанымда сен
Кәлемесең—жүрегиме қайғы сап, дәртимди асырма
сен.

Басқаларды мулайым еркелетип, көзлериң сениң
наргис,
Ал мени тикенли шөп көрип, нәзериңди жасырма сен.

Мениң мың душпаныма дос болып қуўанасаң,
Уялтасаң олар алдында, басқа болса арсынбас ем.

Келисим есигин қақ, бир күн бол дым болмаса мениң
менен,
Душпанлар қәўипли емес, кеўилимди тартынба сен.

Қай жаққа уштың қус болып, сени қайлардан табаман,
Нәзериме туттырмадың, жанымды ар—сар қылған сен.

Адамлардың бәри тилегинде, тек жалғыз Низамий емес,
Бирак, Ахсатанның мойнына қолың менен асылған сен.

* * *

Сен мени өзгеге мегзеттиң, өзиң бурынғыдан да бетерсең,
Көркиңе көрик қосылған, ғайып жаслығыма ынтық етерсең.

Мен жалынман, сен Халил—неге сөнбеймен алдыңда,
Як, өлмеймен, жүрегиме орнығыўың ушын беккем сен.

Буйрығың емес, мийирманшылығың тынышландырсын жанымды,
Кеўилли бол, қәлегениңше, жанымда бол шыдам питкенге шекем сен.

Мени езилген дейсең—езилмеске барма илажым.
Ақыр сен дийдарымды көрип, нәзер таслаған екенсең.

Низамий тек хызметкериң боп, қалыпты саған байланып,
Ол бахтың ушын еки дүньяңды тилейди, итибарға алып өтерсең.

* * *

Көрдиң бе: сениң ески досыңман, уўайымға неге батырдың мени?
Бийпәрўасаң, меннен безинип, силемди неге қатырдың мениң?

Мениң дәртимди билгиң келсе, оны сол ҳалына қой,
Маған қәҳәриңди жаймай, меҳриңе жақын қыл мени.



Мақтанышым сен! Бирақ мен саған жийрениш!
Ышқымды инам етсем мен, жек көрип зар қылдың мени.

Қандай ирeңди мүнәсип көрсең өзиңе—менде соны,
Алланы ардақла, зуннар тақ, ҳәммеге сениң менен бир дийдар қылды мени.

Мениң қайғым тас басып турған жоқ, демек бирге қайғырыў жеңил,
Ал егер оған бас ийсем, көзлериңнен қуў, бийкар қыл мени.

Низамий баркулла сени өзимниң ғәзийнем деп биледи,
Сондада кемситип, өз қолың менен жазалаўды кәр қылдың мени.

* * *

Мениң ҳәсиретим қайырлы, сен туўралы ол удайы,
Барлық қуўанышымды усы қайғыма аўмастырыўға турмайды.

Уўайым мениң ўақты—хошлығым, неге сен буған үнсизсең,
Есиркегеннен гөре таяғың жақсы, таң көрип турман бундайды.

Мен сениң мөҳмин хызметкериң; ҳақым жоқ бирақ буғанда,
Жәрдем бергиң келмейди маған ҳәкимлик алсаңда жағдайлы.

Үнсиз—тилсиз дедиң сен: „Ушырасыўға таяр бол".
Бул өмирде емес бәлким? Үмит көринбес ыңғайлы.

Жүрегиме қалай жайғасар? Ондағы орын сен ушын,
Ким саған мегзес? Сен кимге? Тек өзиң жалғыз—шырайлы!

* * *

Қараңғылық шөкти, кел, Ай, үй-үйиме кир бирмайданға,
Кеўилим үмитке толы, о, сен иркил бирмайданға.

Сен буркырап аққан булақсаң, тиришиликтиң дәреги.
Саға куры ынтықпадым, кушағыма сүңги
бирмайданға.

Жийренбе ҳәм айып етпе, мағаң аз ғана бахыт бер!
Қара, қаным кулшынар саған, қәлбиме үңил бир
майданға.

Мына бийҳазар көз жасларыма исен, егер уўлансам,
Жубаныштың қара дәрти ол, оннан кутқарғыл
бирмайданға.

Неге сен самалға таўланасаң, туракcыз жалын?
Мағаң қайырқом бол бәзимде, дәртиме түсингил
бирмайданға!

Маңлайында шашың мойылдай,—Қанатлы таңба
тартылған,
Мен кул,—сен султан боп келдиң—сый бергил
бирмайданға.

* * *

Жаслығымды саған бердим, сен уўайымсыз
жаслығымнанда татлырақ,
Сен ушын өмиримди қыйланбайман, сен өмирди
талўаслығынанда татлырақ.

Жамалың қамастырар көзлеримди, бирақ сен оларға
нур беpeceң,
Жүрегим, жаным қыйланар, сен оның куўанышынанда
татлырақ

Ақылы зийреклигиң неге керек, ол сени баҳалай
билмесе,
Мен текте мынаған қанықпан, сен бурынғы
даналықтанда татлырақ.

Дослықта, душпанлықта өзиңде—олардың өз татымы
бар,
Мағаң еркелегениң қымбат, бирақ қәҳәриң
ҳәркашанғыданда татлырақ.



Сениң менен бир ушырасыўға өмирин бағыш етер
Низамий,
Әттең ол арзымас баҳа! Сениң сыйларың барлығынанда
татлырақ.

* * *

Мағаң муң менен қайғыдан бөлек орын жоқ,
Тиришилик машқаласында ышқыға дәрек орын жоқ.

Көзлеримдеги жасларым қайлардан шығар соншама?
Оның буркып ағысларына ҳәтте теңизденде орын жоқ.

Дөңгеленген сениң еринлериңниң ширеси,
Бәслесемен—еки посаға керек орын жоқ.

Үмит бәлким шашларыңа илинип турған,
Сол шашты жыйнайтуғын бөлек орын жоқ.

Посаңды ешейин сыйлайжақсаң ба? Як!
Оны бундай жалғанға берер орын жоқ.

Бүгин сен жанымды қәлейсеңбе? Ал оны!
Ертең сәўбетлесиўге келер орын жоқ.

* * *

Басқалардың лебизинен еситемен ылғый сениң
атыңды,
Есерленип жыртаман кийимлеримди, оны ар қылдым.

Жанымды кулшылыққа бағышладым, саған жетсем
деп,
Бирақ қандай тәғдир мени бул жерде дуўшар қылды.

Мен сениң ишаратыңа қарамай, пәкликти изледим,
Әттең пәклик тилин түсинбей сен оны инкар қылдың.

Куўаныш қанатларымды сындырып неге таcладың?
Сол қанатым менен саған жетиўди тийкар қылдым.

Низамийди кеўилиңнен сызып тасламаўың ушында,
Досларының атын сызып ол, өз жүрегинен бийкар
қылды.

* * *

О мениң қәдирдан ийем, о мениң бахыт жарығым,
Маған не себеп қарсысаң бәрҳа, айталмайсаңба
анығын?

Саған қумарман қандай—тәним дәрманы қурыды,
Өлип баратырман, жанымда тур абыҳаят суўы ағылып.

Мениң менен бол бүгин: мүмкин ертеңге қараса,
Айырар бизди мәңгиге қызғаныш шақы жарылып.

Түбинде бир айралық бар, қәдимги белли айралық,
Дусласпағанымыз жақсы еди, жүрмес ем буйтип
зарығып.

Сен маған сийрек сыйлайсаң кутилмеген шадлықты.
Бирдей жүргениң сондада мехрибанлықтан тарығып.

Егер кәлемесең сен мени бахытлы етиўди,
Ашыўдан ҳәм уяттан өлемен әбден тарылып.

Қандай азабың болмасын жоллай бер Низамийге,
Бәри бир ол үмитин үзбес, сениң көркиңе қанығып.

* * *

Мен киммен оған айтыўға: „Болғыл мениң мийманым!“
Ол пәкликке ант иштиме өйтип, мине усынысы
биймәлим.

Тәңирин шарпаты менен ол маған келгенде,
Оған барымды усыныўға жүрексинип жанымды
сыйладым.

Ҳәм сонда ақшам, қайырлы күн менен аўмасты,
Оған қурбанлық әйледим—өмирим, өзим жыйғаным.

Аякларынан поса алдым, қыял жетпес ләблериниң
орнына,
Ҳәм сездим бул посаның көкирегиме бәлзам қуйғанын.



Ол сондай ынтығып тыңлады мениң муңлы сөзимди,
Геўдеме шулғынып арқайын, мен болса уйықлай
алмадым.

Шақырылмаған миймандай таң нуры бизге жеттиде,
Айралық дәртин әкелди—ол кетиў ушын жыйналды.

„Низамий хош бол“—деди ол, „ушыраспаймыз будан
соң“.
Изине қайтара алмадым жалынып, бозлап, қыйланып.

* * *

Мени мың мәрте набыт етти ышқы зәҳәри,
Бир мәрте ҳәм көрмедим мухаббатыңның бәҳәрин.

Сен жүрек дәртимди сезбейсең, сонлықтан шығар
удайы,
Саған асыққан ўағымда жолдың көп қәўип—қәтери.

Егер тәңириниң ерки менен ашыўыңды басар болсаң,
Болмас бәрибир жаныма жеңиллик берер мәҳәли.

Кушағыма мениң сени енгизиў буйырмаған ҳеш,
Тек ғана сүйиклимниң жүрегине умтылған мениң
нәзерим.

Мен топыраққа ендим, көз жасларға ғарқ болдым.
Қутқар!
Ең болмаса бир мәрте ая, қайтар дозақтың қәҳәрин.

* * *

Як! Сеннен мени ҳеш ким айырып алалмас!
Өзиңе бул жақсыма—кеўлим дийдиңди билалмас?

Басым аман жүргенде, саған хызметке таярман,
Ал сен оны мазақ етесең, топтай қуўасаң, туралмас.

Жанымды алоэга айналдырып, жалғыз нәрсени
тилеймен,
Егер оны өртемесең, мениң тәғдийрим сыналмас.

Сен Юсиптей жайнасаң, мен жылайман Яқып болып,
Бундай бауыры тас болма Юсип, Яқып қайғыдан
шығалмас.
Жүрек жутқан жигитлер талшығын алды шашының,
Төбетиндей хызметинде жүрмеп ондайға қолым
баралмас.

Низамийдиң сол ўақта жулдызы туўар оңынан,
Қулым деп атаған мәҳәлде, кеўлинде әрман қалалмас.

* *
*

Сен бурымыңды тарқатып жиберген ўақыта ийниңнен,
Лала гүллер, хоширей наргис басларын шулғып
ийилген.
Шарапқа толы қадақта көринип кетсе әлпетиң,
Қадақ мәс болар ҳә демей, көз нурларыңнан сүйинген.

Егер периште ләбиңниң палынан құрттай дәм татса,
Аўыстырып алып кегер, базарлық деп көктегилерге
тийимли.

Мен айралықтан қартайдым, бирақ, сен былай деп едиң:
„Поса жасартар ғаррыны—сонда жаслықтың түйини."

Ашықлар казысы! Тезирек мына шәртнаманы кабыл ет:
Низамий қулың ҳәм қулыңның қулы, күтеди сеннен
мийирим.

* *
*

Ең болмаса бир майданға кел, мениң ҳасылым,
Сонда мың ашығың өзлери қурбанлық егер басыны.

Сен дегенде төбем көкте, мийирим көрсет азырақ,
Өйткени қәҳәриң мени көмеди жерге жасырып.

Жамалың жүректи тутқынлар, тилиң өткир қылыштай.
Бийшараны гүм қылма—ол сениң қулың ҳасылы.

Қайғы мениң сәўбетлесим. Сен—қәҳәрли Сулайман,
Мен қумырсқаман жанында, айтсам гәптиң ашығын.



Илаж таппай қыйланады айралықта Низамий,
Оның жаны азапта, ҳәсирети кем-кем тасынып.

* *
*

Ашықларды хош көрмес бәрше—усындай өзи кәлиби,
Бирақ, ким дана болса, айыплай алмас бәри—бир.

Шығып ышқы шегарасынан нелерди излеп табасаң?
Онда тек ғана ахмаклық, айтып жеткисиз тәрийби.

Ашықлардың көп белгиси бар, таныўың аңсат оларды,
Көкирегинде дақ бардан ышқының қашар кәри бар.

Көрсе қызарлар ушын қумарлық жолы жабылы,
Ылғый аўмалар жолығар оған, буннан шығар мәни бар.

Қолларыңды шаппатла, қуўан—сәўдигиң сениң
жаныңда!
Ҳүрмети ушын мийрим қадағынан шарап ишкенниң
сәни бар.

Ким сүйсе ҳәм сүйиклиси болса өзиниң инкарының,
Соның еки дүньяданда жай алар ығбалы бар.

Шеңбердиң шегинен шық,"мен„ орныққан жерде,
Жүрекке бойсынбай ақылды тыңласаң, оның қандай
ҳалы бар?

Өмирдиң қәлеген гузарында бахытсызлық бизди
күтеди,
Бизиң тиришилигимиздиң бәрҳа қәўетерге толы жағы
бар,

Сен удайы ҳадал хызмет етиўге умтыл Низамий,
Жүрегиңе жол көрсетер нурды сыйлайды
ол—шамшырағы бар.

* *
*

О досым мениң, сен ушын жанды жәбирлеў—бир
дәўлет.
Сен ушын асығыс ўайым атын ҳәзирлеў—бир дәўлет.

Сениң жәдираған келбетиң қараңғыны серпер шам киби,
Саған ғана жаранып, саған хызмет етиўлер—бир дәўлет.

Өзиңе деген қумарлықты тасламайды, як, жүрегим.
Қыялдан емес, көз алдымда ышқыңды излеў—бир
дәўлет.

Басымнан тажымды алып таслаўға таярман сениң
алдыңа,
Як, ҳәтте басымды аяғың астына таслаўдың өзи—бир
дәўлет.

Сени аңсар қайғының қазнашысы болды Низамий,
Бирақ соның мәнисин терең аңлаўдың өзи—бир дәўлет.

* * *

Айдан жалғыз күн өтти, түннен—бир ғана қараўыл,
болғаны.
Шыны шараплы қадақ қолында, сәўдигим келди
доланып.
Жанғанамда отырып қарады маған, нәзери сондай
сүйкимли,
Басқалар менен иси жоқ оның. Қорқынышлы емес
түнги қараўыл.

Ҳәм усылай тап таң атқанша бахытлы қарыздарлардай,
Гә посаларын қайтып бердим, гә қадақ көтердим
соранып.

Палға сүт қосқандай сиңисти сүйиклиси менен
Низамий,
Оның берген рәҳәтин салыстырар заттың жоғы анық.

* * *

Мениң ғәрийп кәлбим оны сағынғанынан жанады,
Өзиң жарылқа! Сениң мәккарлығыңнан жаным
жаралы.

Мен езилип кеттим айралықтан, бирақ шәпәхәт
күтпеймен,
Анық гөзлеп атылған оқ көкирегиме дәл қадалды.



Оны үмитленип шақырып ем, әттең мени тыңламады,
Бийшара жапакештиң не қылсын сөзин тән алып.

Мине енди зар жылайман оннан айырлып,
Көзимнен қанша қанлы жас төктим, еле қаншасы
ағады?!

Маған айтты ол: „Қайғыны қой, наўқасыңнан айық
тезирек“
Мен бахытлыман, себеби оның орынланбайды талабы.

* * *

Сен—көзлердиң нурысаң, О, нәзер тасла бир рет!
Сен—ақыл шырағысаң, О, келип кет бир рет!

Мен дәлдир болдым, еле сен буны билмейсең,
Мениң муҳаббат зарымды айтқан даўысым дилдиреп.

Көз бенен ақыл не ушын керек сонда да,
Егер көзиң көр болса, ақыл өшеме илбиреп.

Барлық жоллардан өттим, бәри кетти бийҳуда—
Ҳәттеки сеннен жанымдыда қорғай алмадым үлбирек.

Бирақ саған булда аз, көкирегим усыны сезеди,
Ақыл менен көзден ҳәм жаным болсада қәдирлирек.

Ақыры Қыямет күни тек үмитиң жанында,
Ол жалғыз—қалған биздеги ең соңғы тирек.

Қайғының батпағынан қутылып биротала,
Мәңгиликке кетер ўақ қашан келер тезирек?

О Низамий, оңай жаныңнан ажырас—
Тынышлық жоқ, бул дүньядан безип өт.

* * *

Егер сениң хоширей нәзериң жапакешке түсе ғойса,
Бул ықласыңның хабары таралар дәрҳәл әлем бойлап.

Сениң зүлфинди көргенде жаным үмитли толғанар,
Бурымларың мисли дозақ. бизди оған қояр байлап.

Сениң липасыңның жийегин көрсем деп, өз
шапанымды жыртаман,
Тек бир ғана нәзериң—кейин жаным бәрҳә кетер
жайнап.

Бийшараны жарылқай гөр, ушырасыў ләззетин сыйла,
Жүзлеген өсек—сыпсың кетпестен бурын қайнап.

Жасмин ҳәм қызыл гүл қызғаныштан жанып, қызарар,
Бетиңнен перден түсе ғойса сәл—пәл, жайлап.

Сен—жарық, сақыйсынып таратар оны нурларың
сениң.
Мүмкин солардың бири ақыры Низамийди табар
сайлап.

* * *

Саған ашық болыў ығбалы жүрегиме несип еткен
екен қалайда,
Берекетим қашты кеўилден, қустай өзимди талайман.

Ким көрсе қайғы теңизине батып баратқанымды,
Усыдан қорқып ақ ығып кегер, жақынлаўға қорқып
талайлар.

Көзлеримниң нурлары менен ант ишемен, тәрийплеў
мүмкин емес,
Айралықтағы өмиримниң, қалай мунлы өтип атқанын
абайлап.

Турақсызлық етпе! Татлы ушырасыў пайытын
жақынлат,
Болмаса мениң зарым жети қабат аспанға тарайды.

Жанымның жарылқаўшысы, Низамийдиң қанын
бийкар төкпегил,
Өмир өтер өйткени, тоқтаўсыз, күнлер дизбегин
санайды.



* * *

Оның жағымлы ийисин алып қашып өлпең самаллар
еседи,
Дәрман дарытыўшы демлер геўдеме ҳәўирин төседи.

Перзентиниң хабарын еситкен Яқыптай болып қуўанып,
Жапакешке жан енип, көзине нурлар көшеди.

Сүйиклимниң хош ийиси қалпып өтсе жайнаған
отлақларды,
Базилик шырайланып, барлық шөп ғаўлап өседи.

Жасминлердиң ушларында гүллер мәрдана жәдирасып,
Қызыл гүл гумшалары мәрдана гуўилдеседи.

Тәнинде жаның жанланар мына жупар ийистен,
Ҳәтте Хотан мускусыда оған теңлесе алмас деседи.

Ол өз гөззалығының бәзиминде сыйлыққа теңге шашып,
Мендей жәбиркешке бақыр тыйында жумсағысы
келмес еди

Мениң сәўдигимди көргенде, марҳумлар бойын
тиклеп,
Дилўар болып кетеди. тирилерге теңлеседи.

Буйра шашларыңның өриминен сүйип өтсе самаллар,
Жүрек кисенди сындырып, шынжырды үзип шешеди.

Ушырасыўдың ләззетин татқан Низамий бәрҳә
тастыйқлар;
"Оның жанына жоламағай қайғының атқан кесеги!„

* * *

Тек гүмис сымбатлы жамалды ойлайман ҳеш
шаршамастан,
Гуллердиң ирени көринбес көзиме, олар оннан
басқа—басқа.

Соншама мәккар ҳәм назлы сулыўлар дүньясын
көрмедим,

Зулфлери мисли аркан, жүрегимди шырмады
жылжытпастан.

Гөззал қыз Зылыйханың бетлериниң оймағынан,
Мың Юсип шыға алмай кеўиллерин қайғы басқан.

Самал сен сүйкенбе оның иләҳий тәнине!—
Оның жаны сондай таза, сондай гөззал журттан асқан

Жәўдираған қызыл гүл Низамий менен сәўбетте,
Оның шийрин сөзлери көп инкарына асып—тасқан.

* * *

Тек ай менен теңлесиўи мүмкин бул Хотанның
гөззалы,
Сулыўлығы Хананлы жүз Юсипти тутқынға алып
сазлады,

Каслары ийилген жайдай, жанары жайнар күн киби,
Аден яқытынанда тынық қубылған жүзи, назлары.

Ашық қызыл гүллер менен бағды мәрдана жайнатып,
Сәрби киби салланып, сулыўлық сәнин жазбады.

Оның гөззаллығы мазалы. Лекин усы қатарлар
татлырақ,—
Мулайым, хоширей қосықлар ылғый Низамийдиң
жазғаны.

* * *

Қатал ийем! Жанымнан басқа ҳеш нәрсем мениң
жанбайды,
Кимниң тили барар жанбайды деўге, жүрегим
жалын—лаўлайды.
Жанып болмағанымша пүткиллей, қайғым мениң
қанбайды.
Хәм мен өртенип күл болмағанымша мийириң сениң
қанбайды.

Мени айыплайсаң: Айралыққа батып өлмедиң!"
Усындай дөҳметти айтқан тилиң неге сениң жанбайды?



Мен оттың арасында қалғанға куўанарсаң бәлким сен,
Мардыйма бирақ, ҳәтте жүрегиң сол жапакешкеде
жанбайды,

Сениң буйра шашларыңның арасына отлы топ болып
қаландым,
Бул қандай сыйқырлық, шашларың бирақ усы отқада
жанбайды.

* * *

Билемен, сени қоршаламасын қанша досларың,
Саған ашықлары дым аз, ўәде—ықырары бос бәри.

Егер налыныўшыларды бир қатарға қойып көргенде,
Онда мың бир қатар болып шығар еди, пәс бәри.

Мейли мени ғыйбатлай берсин, айыпласын
мени душпанлар,
Өсекшилердиң тиллери алар өзлериниң басларын.

Есиңде тут: ҳәрким өз исине жуўап береди,—
Жәбирлей берме тағыда бурынғыдай етип тасланып.

Яқ, Низамий ойынның шәртин бузбайды,
Ол ойламайды ашық болыўда бийтәрепликтен басқаны.

* * *

Тур, шарапсаз, еринбе! Шарап қуй—бәҳәр келди.
Бир қайырлы тәғдийрдей, уйқыдан ояның сәҳәр келди.

Мен өз бағыма тек жалғыз исеним туқымын ектим'
Мине енди, сол тухымның өнимин жыйнар мәҳәл
келди.

Жүрегимдеги шөлистанды мен жүрегимдеги суўға
суўғардым,
Сол шөлистанын аңсап, султандай гүл жәҳән келди.

Көкирек бирдей ҳәўлирип, аўыр гүрсинер, ал енди,
Жаным сондай жай тапты, жүрегиме нәҳәр келди,

Аңсаған досыңның келгенинен артық рәҳәт жоқ,
Өзиң жақтыртқан тәғдийр өзиң менен мәлҳәм келди.

Низамий ығбалына алғыснамалар айтар сол ушын,
Оның жаны жағысқа боранлардан аман келди.

Сен шаҳлардың шаҳы! Қара, граниттиң тасындай,
Қызыл гүллердей—өз тикен қармағынан бийғам келди.

* * *

О түрк қызы, көзлериңе айт, жүрегимди урласын
сийреклеп,
Ҳәм назлы нәзериңе айт, кербазлық пенен тутқынға
алсын сийреклеп.

Қәлиблерди паршалаўшы, гүмис тәнлим, ўәде бер,
Сениң менен болған айралық жанымды жулмаласын
сийреклеп.

Сениң жүзиң бийдай ирең. Аўзыңа буйыр мейли ол,
уялып, бийдайды қөдиреӊ арпа деп санамасын
сийреклеп,

Сениң жаныңа ҳәм жүрегиңе дослықтың тили жетпесе,
Оларға айт, көринген менен татыўлықты жалғастырсын
сийреклеп.

Мен оған жалбарындым ышқы туўралы: Ол айтты.
"О Низамий! Қәлендерликти қой, қайғысы қурысын,
сийреклет."

* * *

Мен зинҳарладым: „Жүрегимди урлап, ол маған садық
болады"
Әттең ол айнып кетти, қәпелимде өзге жол алып.

Исеним күлге айланды, самалға зыңып таслады,
Кемситиўдиң ашшы қадағын көтердим оны тән алып.

Бирақ ол мәккарланып басын иймес ҳеш кимсеге,
Ким алдында зарланса, жанын келиге қамады.



Оның тулымшағы жанымды албыратыўға гирипдар
етти,
Бирақ енди мени тек өзи ғана тыпышландыра алады.

Мени ол душпан деп санайды, мен оның садық
досыман,
Өмиримнен кешиўге таярман, душпанлық емес талабым,

Пәклик маған арқан болды, ҳәзир ол қылға айланды,
Енди ол мен бахытсызға қыл камарлыққа ғана жарады.

Өзимниң дәртлеримнен басқа ким болар жанымда
мениң,
Ким бирге дәртимди бөлисер? Жалғызба қайғы дарағы?

Сениң көзиңе көзи түскенлер, мәс болмадым
дермекен?
Оймақтай аўзыңды көргенлер, жаны мәс болып
барады.

Низамий сен ашыўдан буўлығасаң, соң тағы
жумсарасаң,
Жанында димар жоқ енди, ол бирдей қайғыда
қалады.

* * *

Өмир бойы сүйретилип қайғы изимнен қалмады,

Бирақ сандырақ еди ол—сениң ышқыңды аңсадым.

Мениң бир ғана рет нәзерим шашларыңа түскенде,
Ақылымнан айрылдым, басты ҳәсирет салмағы.

Сен қәлбимди тутқынға алдың ҳәм жасырындың
арыға,
Шайырдың сырларын ашыўың ушын ғамланып,

Мениң шадлығымның дәреги—қайғымды әбден
күшейттиң.

Барлық ҳәрекетлер былғасты, ықырар қалды алданып.

Бизлердиң ушырасар жайымыздың еки есиги бар екен,
Сен садықлықты умыттың: "Қайдасаң мениң әрманым?„

Низамий айралықта тек бир ғана рет шағынды.
Оны қысқыға алма соншама- қорқатуғын жери
қалмады.

* * *

Шыпасы өзиңде, бийтаплық жанымды жеп барар,
Жүрегимди жойтып, оннан жүдә болажақпан ба енди,
масқара?

Егер сен мениң батырмақшы болсаң кемемди,
Онда сендеги дауылдың қәҳәри өзиңеде бас салар.

Шашларымның ҳәр талшығы түйрелген сениң оқларың,
Сағат санап, күн санап ўайым мени баспалар.

Мениң ҳәсиретим хаққында ғауырласар жан—жақта,
Ол толғандырар бәршени, ал сениң қәлбиң тас қамал.

Сен—қәҳәрли Сулайімансаң, мен—бийшара қумырсқа,
Қайғыны қалай жеңемен? Жәрдем бералмас басқалар.

Елжиретип Низамийди, тезирек бойларын
жылытқыл,
Жүз жылда бир рет туўылыўы мүмкин бундай шайыр
бас болар.

* * *

Мейли самал алып келсин хош ийисиңди сениң,
Оған жанымды қурбанлық әйлеўге түрик жеңим.

Сени егер бир нәкас нәзер қыйнар болса,
Ол залымның көзлери сол сәтте көр болсын, бегим.

Жамалың пәренжеңе жасырынып турсын мейли,
Ҳеш кимениң нәзери түспесин оған тегин!

Сениң бир өзиңе келемен, шөллеп ынтығып,
Муҳаббатыңнан көремен барлық рәҳәттиң шегин.



Пал ашып, Низамий сениң жамалыңды көрди,
Ол оның ушын бәрше инамнан қымбат, лекин.

* * *

Ышқы азабынан басқа жуғымлы дәри болмаған,
Өзиң дарытқан дәртти жеңиллетер ол жалма—жан.

Басқа ҳеш кимге тийиспейсең, айт маған гунам болса,
Барлық бахытсызлығымды өз қолларың маған жоллаған.

Исенимнен аўлақ кетсең сен, шыдамды сақлаў не
керек?
Мениң түркий қызым алдады—дөгерек бәри таң маған.

Мeники удайы надурыс. Сыйқырлыққа усар қарасам,
Барлығына өзим айыплы, сен бәрҳа ҳақсаң жанғанам.

Бирақ ақмаққа санама мени, Арранда туўылсаңда сен,
Низамий ҳәм аўылдан емес, падашы емес ол
жаллаған.

* * *

Сениң жамалың жайнаған жерде, айдың нурлар ақ,
керек емес,
Сен кимди бахытлы етсең, оған ширели қант керек
емес.

Түнде аспанды жақтыртқанда сен өз келбетиң менен,
Айлы әлем астында ҳеш кимге сәўлели таң керек
емес.

Кумарлық дәртинде үмитсиз жүрегим жанып питти,
Енди ол күлге айланды, буннан артық жумбақ керек
емес.

Жалғыз сени ойлайман болғаны, ҳәм ҳәш тақатым
жоқ,
Үмиттен мәни бер маған—басқа ҳеш қандай жуўап
керек емес.

Сен, қашан болмасын дийдар сыйлаўың шәрт маған,
Бәлким, бул азаплар бийкарма, саған шайырдай пәк
керек емес?

Ўәдеңнен ўаз кешип, сен бунда келгиң келмеди,
Маған қулаққа жағымсыз ҳеш қандай мәсләҳәт керек
емес.

Қулшылыққа бел байлап, Низамий ақыры быжық
болды,
Оған сүйиклисиниң бурымынан басқа қамар, яқ, керек
емес.

* * *

Қайғының батпағына баттым, жәрдем бериң маған
досларым,
Ғәрийп қәлбимди қорғаңлар, тийгизбей ғәремет
тасларын.

Жәбиркешке өш алып бериң яки келисим орнатың,
Бейиштиң суўынанда татлы яқыт ләблери—қос жалын.

Мен қумарлықтан мәжгүн болдым, буны оған
айтынлар,
Мүмкин маған қайрымлылық етер, көрип көзимниң
жасларын.

Мен енди ҳеш кимге ҳеш қашан қәлбимди
усынбайман,
Тек усы мәртебе қорғансын қәҳәрли найзадан жас
жаным!

Бетлериңниң оймағына түсип азаптаман, зиндан яңлы
ол,
Мени тартып алыў ушын зулфлеринен арқан есип
таслағыл.

Маған сүйиклимниң бурымларынан кисен жасаңда,
Соң кисенлеп, мениң менен жолды үйине баслағыл.

Жума күни базарға апарың мени мәс ҳалымда,
Әлемге мәлим болсын мениң ықырар тасларын
шашқаным.



* * *

Оның нәзик еринлери шараптанда өткирлеў, мәс етеди,
Оның көзлери жалыннан,—бейиштиң қызыл гүлин нас
етеди.

Гирбиңсиз мускустың хош ийислери бойдан тараған,
Қызыл гүллердиң нәзиклигин жүз мәртебе пәс етеди.

Егер айралықтан кейин ол, тағы ушырасыўға қайыл
болса,
Ондай бахытлы пәк ышқының жалынын талўас етеди.

Данышпанлар оның қоңыраўларын тыңлап ис тутар,
Ал ашықлар чаң менен рудын тыңлап кеўиллерин
жас етеди.

Аспанның шегине шекем көтерилер текте сол адам,
Ким ышқының торына түссе, оны дилбар сырлас етеди.

Егер ол жамалын көрсетсе ашықлар қалар албырап,
Басларын тасқа урып, өзлерин есаўанға уғрас етеди.

Низамийдиң бул ғәззели жетсин оны арнаған адамға:
„Оның оймақ аўызы тек күлгенде көринип, илҳам
мийрас етеди.“

* * *

Мениң ышқымның шеги жоқ, әттең көкирегим
тап—тар,
Атым ҳәдемей ақсады—жолларым көз жетпес жақта.

Бир жаным болғаны, онда мыңлаған ҳәсирет,
Мың фарсаң жерде—бир ғана бәндирге ақ бар.

Алдымда қудық, оған жүзлеп қайғы ерип түсер,
Ҳасамда жуқарды, усы жолға қойған баплап.

Адамгершилик, ар—намыс самалға ушып жоқ болды,
Китапларымыздың ишин қараңғылық кетти таплап.

Бизиң ҳақлығымыздан тек болғаны гүрсиниў қалды,
Көкирегим жалаң, шапанымды тур ылғый жамаўлар
қаплап.

Намаз оқыйтуғын гилемшем, аснаўға түсип ғарқ болды.

Шийшени тас сындырды, иши бос қалды нақлап!

Исенимде, тынышлықта бәриде бирден жоғалды,
Енди отырман ҳайранлықта барлық жоғымды жоқлап.

О Низамий, муҳаббатың ушын налынба,
Өз несийбеннен көр—не керек урысты жақлаў?

* * *

О сен шәпаҳатлы шабарман, түс таныс соқпағына,
Маған тынышымды қайтар, әзийзиме апар хабарды мына:

Айт оған:"Бизлер тарқасқалы бери ақыл—есимнен айрылдым,
Бирақ ойымның барлығы бир сенде, бурынғыдай саған қумар."

Мейли, қайғы қадағынан мың түрли суўсын ишейин,
Сениң қәўметиң кипарис сынлы, бәрҳә меннен үстем турар.

Мен Мәжнүндей, шар тәрепти шарлап излеймен сүйиклимди,
"Ләйли!" деп шақыраман—жуўап жоқ, оны жаңғырық қайталар.

Қасаң жоқ жиберген, қадағың жоқ, шөлиркеп өлер болдым,
Елшиниң изи өшти, ал сеннен еле жоқ хабар.

Мен жыртқыш қуспан, аңсызда түстим шашларыңның дузағына,
Ҳәм енди қутыла алмайман, шарам жоқ ойлап табар.

О Низамий, айралық пенен мәмле бол, енди қой ғәззел жазғанды.
Дүньядан алыслап кет, жаныңда қайғың қалар.



* * *

Бул қандай қумарлық, мени бәлеге гириптар еткен?
Аңсат қолға түскен аңман, сүйиклимниң оғы жарадар еткен.

Бир гөззалға ашық болдым бурын, ал ҳәзир илажым жоқ,
Мени қараўсыз қалдырма, жағдайым нашарлап кеткен.

Меҳирден ушқын қалған болса кимде, маған жәрдем береди,
Ол ғана мени шерменде етип, қол ушын созбайды текте.

Жан—жақтан гийнели таслар тынбай ылақтырылар маған,
Ҳәм оған көмилдим базарда, астында қалдым жекке.

Ҳаўа, жер, суў биледи, жанның оттан екенин,
Жалғыз нәзериң жетеди түсиниўге ҳалымды еплеп.

Низамийдиң ышқы ғәззеллери оны бәршеге танытты,
Жақсы—жаман сөз болып, ол ҳәркимниң тилине жеткен.

* * *

Сен—султан, мен—мөмин қулыңман, Саған не жиберемен?

Қандай қәстерли мүлким бар, не қәлейсен, не жиберемен?

Жанымды сыйлағым келеди, соң тағы уялып, ойланаман,
Бәри—бир бир қушақ қызыл гүлди гүлистанға жиберемен.

Даналардан сорадым албырап: "Қудай ушын айт маған,
Мен тири жан қумырсқаман. Сулайманға не жиберемен?

Мениң ғәзийнем жоқ, саған аямай сыйлаў ушын.
Жарлыман, усы жағдайымда бөгдиханға не
жиберемен?

Мына өртенген көкирегимниң өнимин жыйнамадым,
Салықтың есабына қалай етип дән жиберемен?

Шадлы байрам басланды, ал мен жүдеген өликсе,
Абыржып қалдым: сүйиклиме қурбан ҳайтқа не
жиберемен?

Қайырлы ислердиң жүги—Низамийге жүкленбеген,
Қыямет күни жаратқанның ҳаққына шынтлап не
жиберемен?

* * *

Бул жерден мен күтпегенде кеше аспанның
шам—шырағын таптым,
Отқа урынған гүбелектей, Қурбан ҳайытгың турағын
таптым.

Мускуслы хош ийисин жайып, ол шады қуррамлық
сыйлайды,
Өзим өз үйимде шақырылмаған дәўлет қонағын таптым.

Татлы еринлерге ынтықтым, сондай "О тәңирим?„
Думанлы түнектен—оны—абызәмземниң булағын
таптым.

Еситкен едим: оның пәклиги сулыўлығынан қалыспас
Усы ағла қәсийетлердиң оннан барлық турағын таптым.

Ҳәзир алынған қант талшығын татымлы, дәмли деп
мақтайды,
Ал мен болса өзиме кипаристиң саўлатлы жамалын
таптым.

Ғәззелин тоқтатпай айта берсе Низамий жанын
жаралар,
Ол қалай жәриялар, көп күткен қазнаның қамалын
тапты?



* * *

О, маған жубаныш жибер, хийлекерлик етпе
бурынғыдай,
Бир мәрте есирке жапакешинди, ийнедей зыян қылмай.

Егер қәлбимди жаралап яки қанымды төксеңде,
Ҳешқашан бул қумарлығым тарқамас, толықсып турар
удай.

Сен барлық тири жаннан сулыўлығыңды жасырасаң
перде ишине,
Айдан артық жарқын келбетиң, шоқ жүзли, көзиң
қумай.

Жер басып жүрген бенделерге бул гөззаллықты
көриў буйырмаған,
Тек көз нурлары қыял етеди, сол сулыўлығыңа
қосып шырай.

Сен—Бадахшан яқыты, әжайып яқыт, бейиштиң бағы,
Сен—Оманның ҳинжиси, шыны маржан, мөлдир
суўдай.

Сен Амириттен келген Ләйлисең, сен—гөззал Балқыс,
Қәлбимди жубатыўшым, сен жалғыз—қол жетпес
әрманымдай.

Мениң ақыл есимди алдың сен, Мәжнундей естен
айрылдым,
Сыйқырлап тутқынға алдың мени тайсалтпай былай-
былай.

Ең әўел бизлер дос едик, ал енди ғәрийп қулыңман,
Қуның ушын жаным таяр, гиреўде тур өмир қылдай.

Ашшы көз жасларын төгип қайғырады Низамий,
Сүйиклимнен мәңги айра түсемен деп қәўетерде
жылай-жылай.

* * *

Қәлбимди қайғы қаплады, барқулла сағынып өзиңди,
Мен туўел бахытсызлық тутқыны, гүресте шаршаттым
өзимди.

О, еле қанша мәртебе сен мени жазалайсаң,
Жәбирленип жылайман әбден, жийрениш бийлеп
төзимди.

Сениң бийшара малайыңман, мениң зейниме тиймегил,
Жапакешке мехриңди төк, қулақ сал оның сөзине.

Өмирликке саған берилдим, ал сен дийдиңди жасырып,
Жолымды кес—кеслейсең, тас қылып байлап көзимди.

Оның тәғдийриниң барлығы сәтсизликке ушырап,
Низамий қатал қайғының қушағында әбден езилди.

* * *

Кеширим сорайтуғындай айып жоқ оның алдында,
Намыста усыған бойсынғанды мақуллар барқулла.

Некели отаўдан ылағып қашып кетти жүрегим,
Қайсы журттан қалыңлық излеймен оған мақуллаў?

Усы кеселди емлеўши, бүгин сен өзиң бийтапсаң,
Қай жерден тәўип табаман, дәртиңе даўасы жақынлаў?

Азарлы тикенлер ғаўлап шыққан екен бул
дәўиримизде,
Оларды жалаң аяқ басып жүриўге таярман ҳеш
айбынбай.

Оның ийелик еткиси келген таққа, маған исениң,
Жүзлеп қурбанлық бериўге барман тартынбай.

Қызыл гүллер қубылған жерде, бағдағы сол көшкиниң,
Қуңы ретинде гүл тикени менен көзимди тырнаң, зар
қылмаң.

Ҳеш жалтаңламастан өмирин қурбан етер Низамий,
Сол кипаристи қушағына алыўы ушын, барқ урған.

* * *

Жәбирим шексиз, қурыдым! Маған жәрдемге асыққыл,
Қолын узатар ҳеш ким жоқ шығыўым ушын асылып.



Қан сорғалар жүрегимнен "Жәрдем бер" деймен мен
саған,
Тек сениң менен гезлесиў шыпа бағышлар, ҳасылы.

Сазендешилик ҳөнерин таңладың сен өзиңе,
Хош ҳаўазыңды еситип ақылым кетти шашылып.

Сен басма менен касларыңды бояп оқ жай, тартпағыл,
Оннанша бирден оқ пенен өлтир иркилме, тез, асығыс!

Егер өмиримди аяр болсаң оны саған сыйлайман,
Бәри—бир сенсиз бир майдан жасай алмайман
ҳасылым.

Ал умит—әрманым пушқа шыға ғойған жағдайда,
Сен мени артық қыйнама шыдамның жүгин асырып.

Низамий өзиниң жанын сыйлыққа саған әкелер,
Кешир оны, қайтарма изге аяғына бас урып.

* * *

Гүмис рең жүзлериңди жадыратып көрсет,
Мен қуўғында жүргенде бозлайын есиме алып,
көрсет.

Егер мени ушқындай сөнбесин десең бир мәрте
ғана,
Қуяштай жалынлы жамалыңды маған ашып көрсет.

Қанлы көз жаслардың дәмлерин таттым, қайғыданда
жалықтым,
Ал гуналы екенмен алдында, онда жазанды тезлет.

Айралықтың шегин маған жибердиң, мейли енди,
Оныда алыўға таярман бәрҳә сениң кеўлиңди гөзлеп.

Сениң жаслығыңнан ажырасыў мени қартайтты,
Қара: әрманлар тарқасып кетти, сағымлар көринбес
көзге.

Мен сыяқлы жоқ бул дуньяда, ал мен тутқында
жатырман,
Тутқыныңа қалай қарайсаң сен? Ҳәргиз түсинбеймен,
сөзле!

Ашыў үстинде жанынан ажырасыўға таяр Низамий,
Оны ғәплетте қалдырма—жәрдемге тез кел!

* * *

Қаллары оның—дәнедур, тулымы тор боп өрилген,
Қус болсамбекен, отқа урынған гүбелек болсамба,
еринбей?

Абзалы сүйиклимди ойлап жаныма жубаныш табыў,
Руўхы ғайры адамларды нетемен, жүргеним жақсы
көринбей.

Оның қыйылған қаслары алдында, барлық дуўалар
көк тийын,
Зулфлеринен сарай тикледим, қудай ол сонда кеўилли.

Оны аймалай алмайман—бул исим маған жараспас,
Не шығар дейсең ғаррыдан димары қалған ебиндей.

Егер бурымларының ушына бармағы тийсе биреўдиң,
Ақыл есимди куртаман, қайтаралмаған кегимди.

Ләйли сен, Мәжнун деп танысӑң Низамийди,
Жақсы дәстан тоқыр еди, ышқы хаққында өкинбей.

* * *

Мен өзимниң ышқы—ықырарымды билдирип сүйиклиме
хат жазаман,
Жүректи бийлеген қанишерге сол, ҳәммеден
жағымлырақ жазаман.

Жупардан сия ислеймен, қағазым қызыл гүл
жапырағы,
Хатымды мускусқа мегзетип, ҳәммеден сулыўырақ
жазаман.



Ол өзин берилип сүйгенди ҳеш қашан жақтырмайды,
Усыны айтып жүз мәрте хат жаздым оған, тағы
жазаман.

Қәлемниң ушы менен айтыў қыйын, оған ушырасқым
келеди,
Яки кирпиклеримди жас ҳинжилерине суўлап жазаман.

Бул ышқының тәрийпи жүз дәптергеде жайғаспас,
Қалай бир жапырақ қағазға оның барлығын қурап
жазаман?

Бәлким маған ҳәр имлаға мың сыр жайластырыўым
керек шығар?
Тек сонда ғана, ышқы хаққында сөнбейтуғын шырақ
жазаман.

Тағы жазғанларымды көз жасқа шайып тасладым.
зарлы Низамий,
Бәлким сыясы өшпес сол көз жасларым менен жылап
жазаман?

* * *

Саған теңлесер сулыўлық бүгин әтирапымда көринбес,
Мендей татлы кеселге жолыққан жәбиркешлерде
бунда көринбес.

Саған ынтық болмаған жүрек жоқ шығар мына
әлемде,
Ҳәм айралықтың жалынына күймегенлер шынында
көринбес.

Мен зарлайман бүлбил киби, саған ышқымды баянлап,
Әттең қызыл гүлдиң тикениниң зардабынан басқа
көринбес.

Жарқын келбетиң менен не бир сулыўлардың жолын
байладым,
Қанша излемейин мен дөгеректен саған сыңар
көринбес.

Мен сени тек қайғының жубатыўшысы деп таныдым,
Бирақ, бахытсыз сәт басланды, көзлериме ҳеш нәрсе,
булдырар, көринбес.

Қашанғы бийкәсийет боламан? Мен саған садық
хызметкер,
Лекин не мийирим, не ысықлық сеннен шығар
көринбес.

* * *

Неге мен сениң менен удайы шадлы бола алмайман?
Себеби түн бойы тәғдийрден ғәрремлик аңлайман.

Егер биз бирге болсақ жан ушын қорқыныш жүрекке
жәбир.
Ал менде жүрек жоқ ғой қара, қандай зарлайман!

Сарыплаған жылларым ушын бир өзиң жуўап бересең,
Бул талапты саған бүгин бийкарға жәрияламайман.

Мен сорлы болғаным жоқ ғой, бийик әрманларды
аңсадым,
Ал нәтийже бәри—бир аянышлы, айралықтан өлим
таңлайман.

Сен барлық ғәзийнеден қымбатсаң, айналаң зорлық,
мәккарлық,
Мен билмедим өзимди булардан қалай қорғайман?

Мейли сендей тасбаўыр ушын Низамий топыраққа
айналсын.
Бәри—бир сонда да тек сениң аяқларыңның астында
болғайман.

БИБЛИОТЕКА
НГПИ
Инв. № 35765
28.1.98 19 г.



## ҒӘЗЗЕЛЛЕРДЕГИ АЙЫРЫМ СӨЗЛЕРГЕ ТҮСИНИКЛЕР.

АЛОЭ—жупар ийисли ағаш. Оның унтағын көз тиймеў ушын шылым етип шегетуғын болған.

АМИРИЙ—Бай Амир кәўиминиң европаласқан айтылыўы. Лэйли—Мәжнүнде усы кәўимнен шыққан.

АРРАН(АРАН)—Арран Әзербайжанның батыс бөлегине жайласқан бир ески мәканның аты. Арранның бас қаласы дәслеп Барда, ал соңынан Гэнжэ болған.

АХСАТАН—Шируаншах. Арқа Әзербайжандағы Шырўан феодаллық мәмлекетин басқарған, (1160—1196)

**БАДАХШАН**—Памир таўының қубла шығыс тәрепиндеги кәнислик жер.

БАЛҚЫС—Соломон патшаның зайыбы.

**ДУРМАН**—Уўлы шөп.

ЗУННАР—Шаштан тоқылған белбеў. Оны әдетте отқа табыныўшылар тағып жүрген.

ҚАБАРҒА—Азияның тоғайлы таўларында жасайтуғын жуп туяқлы ҳайўан.

МУСКУС—Ҳайўаннан ямаса өсимликтен алынатуғын ийисли аўқатлық зат.

ХАНАН—Юсип сулыўдың туўылған жери.

ХУМА (ХУМАЙ)—Бахыт келтириўши эпсанаўый кус.

ХОТАН—Орта әсирлердеги Түркистандағы қаланың аты. Ол жердиң адамлары ақ бозлық болған. Шығыс классикалық поэзиясында Хотан сөзи сулыўлықтың, жақтылықтың нышаны.

ФАРСАҢ—аралық өлшеми. Бизиң алты шақырымға туўра келеди.

**НИЗАМИЙ ГАНДЖАУИЙ**

**ГАЗЗЕЛИ**

*Стихи*

На каракалпакском языке

Издательство "Каракалпакстан" , 1992

Редактор *К. Ерназаров*
Художниги *П. Таниев*
Худ, редакторы *А. Әметов*
Тек редакторы *М. Бекбаулиев*
Корректоры *Ж. Алманова*

ИБ 4065

Териўге берилген ўакты 150—9.1991-ж. Басыўға рухсат етилди 25. 01. 1992—ж. Қағаз форматы 84x108 $^{1}/_{32}$
Газета қағазы. Әдебий гарнитура, кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 1,875 баспа табақ, 3,15 шартли баспа табақ, 2,25 есап баспа табақ. Тираж 2000. Заказ № 295
Бахасы 2 м 20 т

„Қарақалпақстан" баспасы. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси. 9.

ҚҚР дың Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграф-комбинаты 742000. Нөкис қаласы К, Маркс көшеси, 9.